Нэхъыбэжкіэ дыпщогуГу!

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Дахагъэм и пльапІэ

4-нэ нап.

Дывгъэхъумэ анэдэлъхубзэр!

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№23 (24.617) ● 2024 гъэм мазаем (февралым) и 29, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ



2-нэ нап.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ

Хэгъэгухэр нэхъри йофІакІуэ

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мишустин Михаил Москва щригъэкІуэкІа зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Федеральнэ щІыналъэхэм я зыужьныгъэр зи нэІэ щІэт къулыкъущІэхэр тепсэлъыхьащ 2030 гъэ пщІондэ хэгъэгухэм зэрызрагъэужьыну программэхэр гъэзэщІа зэрыхъум. КИФЩІ-м а Іуэхум щыкІэлъыплъыр УФ-м и Правительствэм и вице-премьер Новак Александрщ.

ЗЫУЖЬЫНЫГЪЭР нэрылъагъу зыщІу Мишустиным къиІуытар щІыналъэм къыщыщІагъэкІхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэрщ, абы инвестицэ ахъшэу халъхьэр нэхъыбэ зэрыхъурщ, лэжьапІэ ІэнатІэхэр къыззрыунэхурщ, цІыхухэм я хэхъуэр зэрефлакІуэрщ.

«Бюджетым щымыщ инвестицэхэр нэхъыбэ мэхъу. 2023 гъэм и кІэухым ирихьатІэу сом триллиони 9 къыхалъхьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и хэгъэгухэм. Блэкіа илъэситІ-рэ ныкъуэм ІэнатІэ мин 230-м щІигъу къыщыунэхуащ, къыщыщІагъэкІахэмрэ Іэхэутхьэбзэу щащІахэмрэ сом меларди 6,4-рэ къахуихьащ. Абы къеГэлъагъуэ Правительствэмрэ хэгъэгухэмрэ купщІафІэу зэрызэдэлажьэр, хьэрычэтыщІэ Іуэху мащІэмрэ холдинг инхэмрэ папщІэ сату Іуэхур фІыуэ зэтеубла зэрыщІэхьэр, окружгым хиубыдэ хэгъэгухэр езыхэр зэрызэдэлажьэр», - жиІащ премьер-министрым.

Новак къызэрыхигъэщамкІэ, КИФЩІ-м и дэтхэнэ хэгъэгуми экономикэ зыужьныгъэм и жыпхъэ щафэбзыхуащ, абы хохьэ ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэу 35-м щІегъэзащІэ проект инхэу куэд зэлъытахэр.

- Дэтхэнэми езым и Іуэху бгъэдыхьэкІэ иІэжщи, щхьэхуэу ядэІэпыкъуным мыхьэнэшхуэ иІэщ, - жиІащ къуэлыкъущІэм.

ЗэІущІэм зэпкърыхауэ щыхэплащ зи гугъу тщІы проект инхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъэзэщІа зэрыщыхъум. Абы хохьэ «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэ нэгузегъэужьыпІэр, Тырныауз щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэр къыщыщІэхыныр, «Шэджэм-Агро» хуабэщ зэхэтыр, ІТ-паркыр, Налшык и хьэблэщІэр.

Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, блэкІа илъэсым и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэрым и макроэкономикэм хъарэныгъэ зиужьащ. Абы хохьэ щІыуэхэм я хэхъуэр нэхъыбэ зэрыхъуащІэр, къыщІэпІэ ІэнатІэ ІэмытІхэм я бжыгъэр зэрыхэщІэри, къыщІагъэкІхэмрэ къыщыкІхэмрэ зэрынэхъыбэри, Іэхэутхьэбзэу щащІэм зэрызиубгъуари. Республикэм и мылъкым инвестицэу нэгъабэ халъхьар процент 99,5-рэ мэхъу, абы щыгъуэми зыхуагъэзывжар процент 96,7-рэт.

2030 гъэ пщІондэ ягъэзэщІэну проектхэм сом меларди 149-рэ трагъэкІуэдэнущ, абы щыщу меларди 132-р бюджетым щымыщ ахъшэщ, лэжьапІэ ІэнатІэу 5000 къызэрагъэпэщынущ. Нобэкіэ хэгъэгум ахъшэу хуаутІыпщар сом мелард 26,7-рэ мэхъу, абы щыщу 22,2-р бюджетым щыщкъым, ІэнатІэу 800 къызэІуахащ.

Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэм ехьэлІа и Іуэхур ефІэкІуащ, уеблэмэ зи мылъку ди экономикэм къыхэзыптъыхэхэми ядоІэпыкъу.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ адрей проектхэри здынэсам, къэрал дэІэпыкъуныгъэм теухуауэ иджыри зыкъэныкъуэхэм, нэгъуэщІхэми.

И Іыхьлыхэм яхуэгузэващ

УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ1 Лебедев Вячеслав иужьрей гъуэгуанэ щытрагъэхьэжащ Москва дэт Союзхэм я унэм. Абы Іуплъэжыну къызэхуэсащ Вячеслав и благъэхэр, Іыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр, лэжьэгъуэхэр, зыцІыхуу щытахэр.

ЛЕБЕДЕВЫМ и Іыхьлыхэм яхуэгузэващ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбеки. «Лебедев Вячеславрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и апэ Президенту щыта КІуэкІуэ Валерэрэ лэжьыгъэкІэ, ныбжьэгъуэгъэкІэ зэпыщІауэ щытащ, ахърэт нэху Тхьэм кърит», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Лебедев Вячеслав УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ1у лэжьащ 1991 гъэм дыгъэгъаззм и 21 лъандэрэ, 1989 гъэм щегъэжьауэ 1991 гъэ пщІондэ РСФСР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Іэтащхьэу щытащ.

Юридическэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, судыщІэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и юрист (1993), «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр, Первозванный Андрей апостол щихьым и орденыр зыхуагъэфэща Лебедевым Урысейм и лъабжьэр гъэбыдэным, иджырей хабзэм тет къэрал ухуэным, зыпэрыта ІэнатІэр егъэфІэкІуэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ.

И Гъащ1э псор триухуащ цІыхухэм я щхьэхуитыныгъэр хъумэным. Абы пщІэшхуэ хуащІырт, лэжьакІуэшхуэт, цІыху гуапэт.

ЩІэпхъаджащІэхэм зэкъуэтыныгъэр пагъэув

КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым мазаем и 27-м щекІуэкІащ «Жырыкъуэ Борисрэ зэкъуэту радикализмэм пэщІэтынымрэ» зыфІаща «СтІол хъурей».

АР къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩІалэгъуалэ правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетымрэ. Абы къалэну зыхуигъэувыжат террористхэм я гупсысэкІэм мыхьэмыщІагъэу хэтыр къыщІагъэщыныр, ар зэрыгъуэгу пхэнжьыр къагъэнэІуэныр, динми, хабзэми, щэнхабзэми, цІыху зэхэтыкІэ узынщэми, акъыл зэгущми къызэримыщтэр утыку къащІыныр. Зэхуэсым къыщыпсэльащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 КІуэдзэ **Къуэшрокъуэ Залым**, ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІ **Бейтуганов Исмэхьил**, Урысейм и тхыдэ зэгухьэныгъэм и советым и унафэщІым и къуэдзэ **Къужэр Артур**, Мусрылымэнэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым и апэ къуэдзэ **Мисиров Хьэзыр**, иерей **Осипов Константин** сымэ. «СтІол хъурейр» иригъэкІуэкІащ КъБР-м и ЩІалэгъуалэ правительствэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Гаевэ Жамиля**.

ЗэІущІэм и щхьэусыгуэр нэхъыщхьэр Урысейм и жылагъуэ лэжьакІуэу, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректору щыта Жэрыкъуэ Борис ягу къагъэкІыжьныгьт. Гуузу зи гъащІэр 2012 гъэм зэпыча а цІыху щыпкъэм и фэеплъу къызэхуэсахэр дакъыкъэкІэ щыму щыгъуащ.

Жэрыкъуэ Борис КъБР-м и Парламентым и депутату щытащ, ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ зэпышлагъэр зыужьнымкІэ комитетым хэту, КъБР-м Мэкъумэш Іуэхуэхэмкі и министерствэмрэ Егъэджэныгъэмкі и министерствэмрэ я коллегиеэм хэтащ, «Урысей зэкъуэт» партым и фракцэм щыщу КъБР-м и Парламентым щІэлажьащ. Абы и щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щэм щІегъу, тхьылъитху къыдигъэкІащ: еджакІуэхэм папщІэ зырэ, студентхэм папщІэ пособиеу плІырэ яхэту, и цІэм епха патентхэр 13-м нос.

Университетым щылажьэхэм къабгъэдэкІыу къызэхуэсахэм захуигъэзащ университет щІыб зэпыщІэныгъэхэмрэ щІэныгъэ хэха зэгъэзыгъэтыныкІэ проректор **Азычэ Светланэ**. «Сыт экстремизмэмрэ терроризмэмрэ нэхърэ нэхъ Іейуэ щыІэр? Нобэрей «СтІол хъурейм» а мыхъумыщІагъэм зи гъащІэр зэпича ди ректорым и цІэм епхащ. Унагъуэм адэр щхьэщыкІуриикІащ, Іуэхущ1апІэм унафэщІ Іущ фІэкІуэдащ. ЗэІусэм псэ хелъхьэ жыхуаІэм хуэдэу, Жэрыкъуэ Борис зыльэІэс псори нэхъыфІ, нэхъ нэгъэса, нэхъ нэху хъурт. И гъащІэ псор университетыр зэфІэувэным иригъащ Жэрыкъуэ Борис».

Къэжэр Артур къыззхуэсахэм ягу къигъэлъжэащ. Жэрыкъуэ Борис университетым и мызакъуэу, университетым щекІуэкІ Іуэхухэмрэ жыджэру зэрыхэтар. Игъащ1э лъандэрэ къекІуэкІ хабзэхэр яхипщэрт абы цІыхухэм, езыми ар нэгъэсауэ дэлпльагъурт. «Иджыпсту Украинэм щекІуэкІ псори политикэр щхьэхуещагъэкІэ къэзыгъэсэбэпхэм къагъэхъуа защІэщ, тхыдэр пхэнжу зэрахъуэкІыурэ щхьэусыгъуэ къызыхуагъуэтыжу. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми ди къалэнщ ди лъэпкъэр тхъумэжьыныр. Мыхьэнэ зиІэ а Іуэхушхуэм гунэсу дытемыпсэлъыхьу хъунукъым», - жиІащ Къэжэрыр.

Бейтуганов Исмэхьил къыщыпсальэм къыхигъэщащ ЩІалэгъуалэ правительствэм щІэпхъаджагъэ къэмыгъэхъуныкІэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкІуэкІыр. Ар епхауэ мэлажьэ республикэм и Мусрылымэн Іуэхущ1апІэмэ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пэщІэтынымкІэ центрми. Къалэн куэд зыгъэзащІэ центрыр психологие и лъэныкъуэкІэ дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэми. Бейтугановым къыхигъэщащ щІалэгъуалэр хэкупсу къэтэджын папщІэ, политикэ, жылагъуэ, граждан Іуэхухэр зэуІауэ зэфэхын зэрыхуейр.

Мисиров Хьэзыр къызэхуэсахэр къыхуриджащ: «экстремизм», «терроризм», «национализм» псалъэхэм я купщІэм егупсысыну. А псалъэищми я мыхьэнэр цІыхухэм епхащ, щІалэгъуалэри хэпщІащ. «ЦІыху къэс езым и пэ итахэм нэхърэ нэхъ губзыгъэу зыкъыщохьэж. ЩІалэгъуалэр нобэрей Іэмэпсымэхэм нэхъ щыгъуаззу щытынкІи экстремизм, ауэ гъащІэм теухуауэ нэхъ губзыгъэкъым. Адэ-анэм къыбгъэдахар, къэралым къахуищІэр фІыщІэ ящІу къыдэгъэкІуэтеин хуейщ ахэр. Экстремизмэм и къэпхъэнхэр щызэбгригъэкІыр интернетырщ. ХамэІэхэм яІэщІэмыкъэн папщІэ, ахэр ди нэІэм щІэдгъэтыфын, дэ дгъэсэжьын хуейщ».

Осипов Константин экстремизмэр вирусым иригъэпщащ. «Вирусым упэльэщын папщІэ, узым пэщІэувэфын узынщагъ, иммунитет уиІэн хуейщ. Жылагъуэ Іуэхухэми щокІуэкІ уз зэрыщІалэ. Иммунитет зэкъуэт зэдгъэпэщІмэ, а щІэпхъаджащІэхэм я гупсысэкэри я къыхуеджыныгъэкэри зэран къытхузэхуфынукъым. Къэралым и къэкІуэну махуэр зэлъытар фэ щІалэгъуалэращи, зыми фи гупсысэкІэр евмыгъэгъэутхъуэ», - жиІащ абы.

Къуэшрокъуэ Залым къызэхуэсахэм защІыхуигъаззм къыхигъэщащ: «Нобэ республикэр мамыру мэпсэу. Ауэ экстремизмэр КъухьэпІэм и Іэщ зэрыхъурэ куэд щІащ. Нобэ ди зауэлІхэм яхъумэр ди къэралым и закъуэкъым, ди унэхэм щІэлъ мамырыгъэри, ди республикэри абы хеубыдэ. Ауэ мы Іуэхур зэрыщытам хуэдэу бэлъыхьышхуэу кьонэ. Дэ дыкъызыхэкІар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, ди пъабжьэр, ди тхыдэр тщІэжьын хуейщ. Нобэ Іэмэпсымэ псомкІи йокІуэкІ щІалэгъуалэр зыгъэщхьэрыуэхэм я лэжьыгъэр. ДыкъызыхэкІа лъэпкъыр, дыщыпсэу къэралыр, зетхъэ диныр тщІэжу дыпсэумэ, зыри къытпэлъэщынукъым», - къыхигъэщащ министрым.

КЪУДЕЙ Іэминэ.

Я щхьэ Іуэхукіэ зыкъыхуагъазэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Урысейм и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ егъэблэгъапІэм щалыщІащ я щхьэ Іуэхукіэ зыкъыхуэзыгъэзахэм.

ДЭІЭПЫКЪУНЫГЪЭ хуейт къэралым и клиникэ щхьэхуэхэм щыхуащІэ фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэ, иужькІэ реабилитацэкІыхь хуэныкъуэ сабийхэр щапІ унагъуэхэр.

Апхуэдэуи республикэм и Іэтащхьэм зыкъыхуагъэзащ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкІыу гъащІэм щытыкІэ гугъу иригъува цІыхухэми.

Дэтхэнэми и Іуэху тэмэму зэрызэфІагъэкІынум теухуауэ пщэрылъхэр ягъэбелджылащ. Зыкъыхуэзыгъэзахэм псоми зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэхэр ягъэутынущ.

Зэхъуэкіыныгъэхэр министрхэм къыхалъхьэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ проект зыбжанэ къыщащта зэІущІэ.

2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м КъБР-м и Правительствэм къишта унафэм зэхъуэкІныныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ къэпсэлъащ КъБР-м щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр **Шаваев Ильяс**. Проектыр ягъэхьэзыращ Правительствэм къыбгъэдэкІыу мылъкум ехьэлІа зэгурыІуэныгъэм Іэ щІэдзыныр къалэн зыщащІынум теухуауэ.

КъБР-м къат куэду зэтет унэхэм щыпсэухэм зэдай мылъкур зехьэныкІэ 2014 - 2049 гъэхэм тещІыхьауэ ягъэбелджыла программэм халъхьэну зэхъуэкІныныгъэхэр зэрызэкІэлъыхьпхъэм теухауэ КъБР-м и Правительствэм игъэхъэзыра проектыр игъэбелджылащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министр **Бэрбэч Алим**.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Езауэ Анзор** игъэнэІуащ КъБР-м и Правительствэм 2022 гъэм зыщІхьэуІум и 1-м къишта унафэ №183-м и етІуанэ Іыхьэм хэлъхьапхъэ зэхъуэкІныныгъэхэр. Ахэр ехьэлІащ министерствэм и убзыхуКІэм зэрызихъуэжам, мазэ улахуэр зэратыну щІыкІэм, субсидием.

КъБР-м и цІыхухэм ядэІэпыкъуным теухуа проектитІ игъэбелджылащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ цІыхухэм псэупчъэкІэ защІэгъэкъуэныкІэ и министр **Асанов Алим**.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Ди къуэш республикэхэм

ЩІэрыщІэу ректорыр хахыж

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэ Къумпіыл Мурат Къуижь Саидэ ехъуэхъуащ Мейкъуалэ и къэрал технологие университетым и ректор къулыкъум щІэрыщІэу зэрыхахыжамкІэ. Абы къыхигъэщхьэхуКІащ еджапІэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэм иджырей ректорым дзыхь зэрыхуащІыр хэхыныгъэхэм къырикІуахэм къызэрагъэлъэгъуар икІи ар ехьулІэныгъэхэр зэриІэм щыхьэт зэрытехъуэр.***

АДЫГЕЙМ и Іэтащхьэм жиІащ щІынальэм Іэщ1агъэлІ Іэзэхэр мэкъумэш хозяйствэм, туризмэм, ухуэныгъэм хуэгъэзыхьныкІэ университетым куэд зэрызэфІигъэкІыр. Апхуэдэуи МГТУ-рщ дохутырхэмкІэ нэхъыбэу республикэр къызэзыгъэпэщыр.

«Си фІэщ мэхъу Къуижь Саидэ зи пашэ университетым дяпэкІи жыджэру зэрызиужьынур, и пщэрыль къалэн нэхъыщхьэр - Іэщ1агъэлІ нЬбжьыщІэхэр, еджагъэшхуэхэр гъэхьэзырынр - дяпэкІи екІуу зэригъэзэщІэнур», - дыкъыщоджэ хъуэхъум.

Псэупіэкіэ къызэрагъэпэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Мы гъэм Черкесск къалэм щыщ унагъэщІэ 14-м псэупІэ сертификатхэр иратынущ. Ар и щыхьэтщ унэгъащІэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыным теухуа муниципальнэ программэр зэрагъэзащІэм.***

А программэм хыхьэ хъунущ зи ныбжьыр илъэс 35-м щІимыгъуа зэщхьэгъусэхэр икІи ар зэфІагъэкІ республикэм ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэр ящІыгъуу.

Абы и закъуэкъым. Черкесск и унафэщ1 Баскаев Алексей зэрыжиІаикІэ, мы гъэм КъШР-м и къалащхьэм щыпащэнущ бын куэд щапІ унагъуэхэм щы Іыхьэхэр яхухэхыным теухуа лэжьыгъэм. Блэкіа илъэсхэм псори зэхэту апхуэдэу 815-рэ ятащ.

Сыхъумрэ Пхеньянрэ зызэпащІэ

АБХЪАЗ. ***АР-м и премьер-министр Анкваб Александр иригъэблэгъащ Корее ЦІыхубэ-Демократ Республикэм щыщ «Мангенбон» сату корпорацэм и делегацэр, абы и унафэщІ Нам Юн Гук зи пашэр.***

МЫ Іуэхущ1апІэм сату ещІ хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ, ерысхьэхэкІхэмкІэ, ІТ-технологиехэмкІэ, медицинэм, тенджыз продуктхэр, щэкІхэкІхэр къыщІэгъэкІыным пыщІахэми ядолажь.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ промышленность, банк, туризм, нэгъуэщІ ІэнатІэхэми щызэздзлэжьэным, апхуэдэуи лъэныкъуэхэм я сату Іуэхущ1апІэхэр Сыхъумрэ Пхеньянрэ къыщызэІуахьынымкІэ щыІэ Іэмалхэм.



УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къалащхьэм щызэхуос

Мэзкуу къалэм, Союзхэм я Унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Урысейм и фермерхэмрэ мэкъумэш кооперативхэмрэ (АККОР) я урысейпсо зэIущIэ. Ар хуэунэтIауэ щытащ къэралым и фермер Iэнатlэр къызэрыраухьжьэжрэ илъэс 35-рэ зэрырикъум. Мэкъумэшыщlэхэм я зэхуэсым кърихьэлIащ къэралым и щIыналъэ 70-м я лIыкIуэхэмрэ хьэщIэхэмрэ - псори зэхэту щIыхь 850-м нэблагъэ. Абыхэм яхэтащ фермер хозяйствэхэм, мэкъумэш кооперативхэм я унафэщIхэр, Iэнатlэм зегъэужьыным телажьэ щIэныгъэлIхэр, экспертхэр, нэгъуэщIхэри.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу зэIущIэшхуэм щыIащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Уэдыхь Тимур, республикам и АККОР-м и унафэщI Алахьэй Инал я пашэу Нэхущ Руслан, Борий Аслъэн, Тlымыжь Заур, Мамхэгъ Риммэ, ЛъакъуэдыгъуИслъам сымэ. Апхуэдэуи абыхэм я гъусащ мэкъумэш кооперативым и тхьэмадэ Борсэ Валерэ, нэгъуэщIхэри.

Къэралым и мэкъумэш Iэнатlэм, фермер зэщIэхъеенныгъэмрэ агробизнес мыкIымрэ зегъэужьыным ехьэлIауэ яIэ гупсысэхэмкIэ зэдагъэгуэшэну абы ирагъэблагъащ УФ-м и Правительствэм хэтхэр, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и унафэщIхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и сенаторхэр, къэралым и щIыналъэхэм я унафэщIхэр, АПК Iэнатlэм пэрытхэр.

УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Патрушев Дмитрий зэIущIэм кърихьэлIахэм ягу кIигъэкIыжащ Мэзкуу къалэм иджыпсту щызэхэт «Урысей» лъэпкъыбэ гъэлъэгъуэныгъэм мэкъумэш Iэнатlэм хьэрычэт щызыщIэхэм нэгъабэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр къызэрыщалIыштэжар, апхуэдэуи кьалэнэщIэхэр зэрагъэувар, фермерхэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм зэрыхэплъар, абы ехьэлIа унафэхэр къызэращтар.

Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, фермерхэм ехьэлIэныгъэфIэхэр гъэ блэкIам къагъэлъэгуащ, къыщIагъэкI продукцэм и куэдагъым кьыхэхъуэ зэпытщ, абы и фIыгъэкIи, ерыскьыхэкIхэмкIэ къэралым и шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ, хамэ хэкуэми иращIилIа зэгурыIуэныгъэхэр къызэпаудыркьым. Кьыхэбгъэщмэ, 2023 гъэм къэралым псори зэхэту кьыщыщIагъэкIа мэкъумэш продукцэм и процент 15-р фермер хозяйствэхэм кьалъос. Къэбэрдей-Балъкъэрым ар щынэхъыбэщ – процент 26,5-рэ.

КъБР-м и фермер хозяйствэхэмрэ уней мэкъумэш Iуэхущ1ап1эхэмрэ нэгъабэ къралхьэлIэжар республикэм хьэцэпэцэу кьыщалэжьам и процент 46,5-рэ мэхъу, сэхураным и процент 58-рэ, хадэхэкIым и процент 16-м щIигъу. Лырэ джадкъазылу кьалъэщами и процент 28,8-р, шэм и процент 18,5-ри абыхэм яльос. Къэбэрдей-Балъкъэрым ар щынэхъыбэщ – процент 26,5-рэ.

Апхуэдэ зыужьныгъэфIэр фермерхэм ягъуэтащ мэкъумэшыщIэхэм къэралым къарит дэIепыкъуныгъэхэм я фIыгъэкIэ. Къэрэщтэмэ, республикэм и АПК-м зегъэужьыным, къуажэхэр сыт и лъэныкъуэкIи егъэфIэкIуэным хуэгъэпса пэхущIэм хьыхьу, жылэхэм автомобиль гъуэгухэр щыухуэнри хэту, трагъэкIуэдэн папщIэ къэрал, щIыналъэ бюджетхэм сом меларди 3,8-рэ нэгъабэ кьыхэкIащ.

Фермер хозяйствэр дзыгъэным, абы иджырей технологиэхэр кьыхэщэным, кьыщIагъэкI продукцэм фIагъ лъагэ иIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр кьыхиугъэщащ Патрушев Дмитрий икIи, жылащ абы и лъэныкъуэкIэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр щIэгъэкъуэн адэкIи зэрахуэхъунур, къэрал дэIепыкъуныгъэу хухахьи зэрыхагъэхъуэнур.

ХЬЭЩIКЪУЕЙ Олег.

НэхъыбэжкIэ дыпщогугъ!

«Дэлэпыкъуэгъум и Iэр» волонтёр зэщIэхъеенныгъэм и унафэщI Хьэту Астемыр Альберт и къуэр щагъэлъэпIащ Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм.

СЫМАДЖЭХЭМ загъэхъужьныжьмкIэ ядэIэпыкъу «Добро народу» фондым Хьэту Астемыр фIыщIэ хуищIащ и къару емыблэжу, жэуаплныгъэ хэлъу иригъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм папщIэ. Зэрадэлэжьа пIалъэм кьриубыдэу, щIалэм узыщIыгугъ хъун, сыт хуэдэ сыхьэтми зыкъыпщIэзыгъэкъуэн щIыхуу закъригъэщIыхуащ, и пщэ дэплъхьэ псоми зэрыплъэщынур нэрылъагъу.

КъинэмыщIауэ, Хьэту Астемыр Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIалэгъуалэм я IэхэухэмкIэ и министерствэм и фIыщIэ тхыгъи ираташ волонтёр зэщIэхъеенныгъэм жьыджэру зэрыхэтым папщIэ.

Астемыр щагъэлъэпIа дауэдапщэр щекIуэкIащ Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм и администрацэм. Ар къызэрагъэпэщащ а щIыналъэм и унафэщI Инжыжокъуэ Сэфэрбий, «Добро народу» фондым и унафэщI Габеев Батрэз, «Шу Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Къудей Аслъэн сымэ.

Дэрэ Хьэтум и ехьэлIэныгъэхэм щхьэкIэ дохъуэхъу. Тхьэм уригъэфIакIуэ, Астемыр!

ЧЭРИМ Марианнэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Хабзэщ1эхэр къыхалъхьэ

УФ-м и Къэрал Думэм къыщащтащ гъатхэпэ мазэм щегъэжьауэ къару зыгъуэт хабзэ зыбжанэ. Апхуэдэу зи ныбжьыр илъэс 16-м нэмыса сабийр (нэхъапэкIэ илъэс 14-у щытащ) зи закъуэу зыпI анэр е адэр иджы лэжьапIэм IуагъэкIыну хуиткъым.

«И закъуэу быныр зыпI анэр лэжьапIэншэ пщIымэ, унагъуэр зэрыпсэун мылъку имыIэу къэбгъанэу аращ. Зи закъуэ адэ-анэхэм я хуитыныгъэхэр тхьумэн, абыхэм дакъыщыкIыжыкIын хуейщ, щыхухэр лэжьапIэкIэ къызэзыгъэпэщхэм я Iэхумкlэ яхь жэуаплныгъэр зыхащIапхъэщ», - жиIащ УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ1 Володин Вячеслав.

«Киев иригъэкIуэкI нацист хабзэншагъэхэр дзэыбыгъхэр, абы ахъшэкIэ щIэгъэкъуэн яхуэзыхуэхэр, хамэ къэралхэр хэщIапIэ зыщIахэу Урысейм, дзэ Iуэху хэхам щыIэ сэлэтхэм, офицерхэм, езым я фIэфIыныгъэкIэ хэкум и щхьэщыжакIуэ хъуахэм я пщIэр езыудыс псалъэхэр жызыIэхэм я телъхьэхэр жъуапым ирашэлIэну а хабзэм Iэмал кьыдитынущ. Апхуэдэ щIыху мыхьэнэншэхэм кьытрахьжьнущ я щIыхьыщIэхэр, я мылъку псори кьатхьэкъуэнущ», - къыхигъэщащ Володин Вячеслав.

Урысейм и телъхьэщ

«Сербхэмрэ урысхэмрэ игъащIэкIэ зэкъуэтщ» фIэщыгъэм щIэту Сербием и къалащхьэм пэкIу щрагъэкIуэкIащ. Белград и щIыху щэбжьгъэхэр, ныпхэр я Iыгъыу, Николай II и фэеплъым и деж щызэхуэсат Европэ союзым и политикэмкIэ зэрымыарэзыр къагъэлъэгъуэну.

Сербиемрэ Урысеймрэ я зэпыщIэныгъэм тхыдэ гъэщIэгъуэн иIэщ икIи илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ зэныбжьэгъугъэ быдэ яку дэлъщ. ПэкIум и кьызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, Сербием Урысейр дамыIэпыкъуэмэ, Косоварэ Метохиемрэ и щIыналъэм кьыхигъэхьэжьфыныкъым.

А махуэм Белград и уэрамхэм нэху щыху дэтащ щIыхухэр: «Иугъащ1э Урысейм! Иугъащ1э Путин!» кьыхуеджэныгъэхэр ину жаIэу.

Мазаем и 29, *махуэку*

♦Лэжьыгъэ хьэлъэм кьыхэкI фэбжьхэр гъэмэщIэным и дунейпсо махуэщ

♦Бжьыгъэ зи лъабжьэ егъэджэныгъэм и махуэщ

♦Нэгъуэщ1ым и унафэм щIэту лажьэхэм я дунейпсо махуэщ

Дунейм и щытыкIэнур

pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщIытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 5, жэщым щIыIэр градуси 4 -1 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 1, *мэрем*

♦Граждан зыхъумэжыныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦Гуапагъэ зэжеIэным и дунейпсо махуэщ

♦СПИД узыфэр зыпкърытхэм ящымымэхъэшэным и дунейпсо махуэщ

♦1897 гъэм кьалъхуащ КъБАССР-м и щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI, и гуащIэм кьыпэкIауэ орден, медаль зэмылIэужьыгъуэхэр зрата **Щауэ Данил**.

Дунейм и щытыкIэнур

pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщIытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щIыIэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩэМЫЩI Иэзщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЗыщIэм жиIэркъым, жызыIэм ищIэркъым.

ЛДПР-р уасэхэм зэрызаIэтым йобэн

Хьэпшып къыщIэзыгъэкIхэм ядэлэжьэн хуейщ, зыщэжхэм ахъшэшхуэ тралъхьэну Iэмал ямыIэн хуэдэу. Инфляцэм псом нэхърэ нэхъ хригъэльафэр тхьэмыщкIэхэрэщ. Махуэ къэс уасэхэр къэпщытэн хуейщ, щхьэусыгъуэншэу дзэзыгъэуеям занщIэу унафэхуащ. Иджыпсту Президентым хъыбар ирамыгъэщIауэ, зыми зихъуэжьыркъым. Щхьэусыгъуэ имыIэу уасэр дзэзыгъэуейхэм тезыр ятелъхьэн хуейщ. Щхьэусыгъуэ имыIэу процент 20-м нэхърэ нэхъыбэ трилъхьакъэ, штраф ирырет. Къытригъаззэмэ, тезыр тIуащIэ ирырехь.

Псэупlэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр зэрыхэхъуэм сыт ещIэн хуейр?

Урысейм транспортым, гъэсыныпхъэхэм, инженер инфраструктурэм псынщIэу я къарум щыкIэрач. Иныкъуэ щIыналъэхэм ар процент 100-м щынос. И лэжьэгъуэ пIалъэм икIа инфраструктурэр зепхэзным ахъшэшхуэ ехь. Псэупlэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр щыхъжьхуэр унэхэр жы зэрыхъурущ. Ахэр зепхэзным нэхъыбэ токIуадэ. ЯкIэльыплъ Iуэхущ1ап1эхэри Iэхум Iэпэдзгъэлэлу щыхущыт къохъу. Унафэщ1хэм ткIийуэ жэуап егъэхьын хуейщ. Гъэсыныпхъэмрэ гъуэз уасэмрэ уи нэIэ ятебгъэкI хъунукъым. Сыт гъуэзыр хамэ къэралхэм ди щIыхухэм нэхърэ нэхъ пуду етщэн щIыхуейр? Ари щIыналъэ зэхуэмыдэхэр тарифкIэ зэщхьэщыкIыу. Щытыкlэм зыщимыхъуэжкIэ, дэ псэупlэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм папщIэ субсидиехэм зедгъэубгъупхъэу къыдолъытэ. Къэралым и щIыналъэ и кIыхьагъкIэ уасэхэр зы мардэм тегъэувэн хуейщ, Мэзкуу ещхьу, хэхъуэм нэхърэ процент 10-кIэ нэхърэ мынэхъыбэу. Абы къикIращи, унагъуэм ахъшэу къыхэхъуэм и проценти 10-м фIэкI хъунукъым псэупlэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр.

* * *

Иджыпсту зэхьэзэхуэ нэхъыщхьэу щыIэр къалэхэр хьэрычэт щыпIэ хъунымкIэ зэрызэпеуэрщ. УФ-м фирмэ цIэрыIуэхэр зэрикIыжам щыпIэм епха хьэрычэт Iэхухэм я мыхьэнэр иIэтащ. Дэ дыззрелпъымкIэ, къэралым икIахэм кьебгъэгъэззж хъунукъым. Вакъэмрэ щыгъыныкъэ дэ езым тхуэщIыжынущ. Урысейр зыхъуэжьфынур жардэм къызэкъуэзых щIыху щхьэхуэхэрщ. Абы и езым тхуэщIыжынущ. Урысейр зыхъуэжьфынур жардэм къызэкъуэзых щIыху щхьэхуэхэрщ. Абы и фIыгъэкIэ хуитыныгъэр нэхъыбэ мэхъури, я щхьэ зыгъэпсэуэжьф, я щхьэ Iуэху зезыхуэжьф щIыхуэхэр къэралым нэхъыбэ щхьэу. Дэ хьэрычэтыщIэу къэтлъытэр жардэм къыхэзыхьэракъым, абы и гъэзэщIэкIэр къэзыгъэлъагъуэрщ.



«УФ-м и Президентыр хэхыным и Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №19-ФЗ-уэ 2003 гъэм щIышылэм и 10-м кьыдэкIам и 53-нэ Iыхьэм и 1-нэ пунктым ипкъ иткIэ пщIэнщэу тыдодэ».

Экономикэ Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

«Шуудзэ хъыжьэм» и къекІуэкІыкІар

2024 гъэм илъэси 110-рэ ирокъу «Дикая дивизия» цІэмкІэ тхыдэм къыхэна, Ямэ дунейпсо зауэм хагъэтын папщІэ, кавказ лъэпкъ псоми къыхащауэ щыта шуудзэр къызэрызэрагъэпэщэр.

«КАВКАЗ лъэпкъ шуудзэм» тхылъ псо тезыхуэ Опрышкэ Олег зэритхымкІэ, апхуэдэ зэгуфыкІыгъэ къызэрэпэщыным пащтыхьыр ямэу тезыгъэгушхуар къэбэрдей адыгэхэрщ. А зэманым Налшык и кьалэтету щыта Кьылышбий СультІан дунейпсо зауэм зэрыщІидзамкІэ хмызар къыщыІэрыхьэм, Къэбэрдейм езым и мылъкукІэ шуудзэ полк къызэригъэпэщыжу зауэм Іуигъэхьэну гупыж зэрищыр пащтыхьым и къуэдзэхэм ялъигъэІэсащ. Жэрдэмыр Мэзкуу щрагъэхъыам, пащтыхьым и арэзынгъэм ижь иту унафи кьыдэкІащ полкыжу зэкІэ «Кавказ Лъэпкъ Шуудзэ» къызэрагъэпэщыну: ямэ бригадэм - Къэбэрдей полкымрэ ЕтІуанэ Дагъыстан полкымрэ, етІуанэ бригадэм - Тэтэр полкымрэ Шэшэн полкымрэ, ещанэ бригадэм - Шэрджэс полкымрэ Ингуш полкымрэ хэту. Урысейм и бийхэм езэуэн къалэныр адыгэхэм ямэу ягъэунэху Іуэхугъэтэкъым. Илъэс зыбжанэ ипэкІэ екІуэкІа ямэн зауэмкІэ хэтат аэр. «Налшык къала я абгъуэщ, я гъуэмылэр дэращ», - щетх «Ямэн зауэ» усэм мазэ блэкІам зи илъэси 170-р дгъэлъэпІа ПащІэ Бэчмырзэ:

Къэбэрдей шу мащІэр щуиущэ уасэщ,
Арысей пащтыхьыр абы кьыщІоупщІэ,
Зи щхьэ щІэупщІэжыр абы и нэщанаущ.

«Шуудзэ хъыжьэм» нэхъ убгуфауэ тетхыльа ущыт тхакІуэхэм яэщ нэхъ ягъэпэжу Брешко-Брешковский: «А зэманым Кавказ бгырысхэри Туркестаным щыщ губгъуэрысхэри пащтыхьыдзэм ираджэу щытакъым. ЗэрыщІыкІуэр Іэщэри шыри фІыуэ зэралъагъуи, лыигъэщІапІэхэм зэрыхуэпабгъэм, хахуагъкІэ цІэрыІуэ хъуным ягу зэрыхуеІэм тепщыхьмэ, Кавказымрэ Туркестанымрэ щуущэу тельыдджэхэр кьыппухэщІыкІыниут, ауэ къэралым я къарур кьимыбгъэсэбэлъмэ нэхъ къищтэрт. Сыт щхьэкІэ? Хамэ лъэпкъхэм кьыхэкІауэ шууей мин бжыгъэм Іэщэ кІэщІэплъхьэнар щынагъуэу кьыззэралъытар арамэ - ар захуагъэтэкъым. Урысейм щыщ хъуа мусЫымэнхэм ягъащІэ лъандэмэ уи дзыхьыр нэхъ ягъэпэжу кьелуэкІащ чыристанхэм нэхърэ. А мусЫымэнхэрщ сыт щыгъуи пащтыхьымрэ тахътэмрэ я хъуманкІэ быдзу кьэувакъэр. Революцэ зэманым ар Іупщі быдзу кьигъэльэгъуащ. Кавказ бгырысхэм псалъэ ятари, напэри, щІыхьри нэсу ягъэпэжащ».

ТхакІуэм зэрыжиІауи, «Шуудзэ хъыжьэм» и процент 90-р мусЫымэнт. Нэхъ пасэу дытетхыхьауэ щытащ Алихъан-хьэжы и нэІэ щІэтыну адыгэздзэм щыщ дэтхэнэ зи зауэлІми штэмеыгъэхуэ дыеуэ хуитахуэ зэрыщытам. Ауэ мусЫымэным и Іуэхур гугъу зыщІыр абы ямэ къэс ерыскъыр зэрыпхуемыгъэшхырц. Дзэм а Іуэхур нэхъ ткІиик щохьу. Сыт-тІэ мы шуудзэм хагъэхьахэм яшхар? Былымыл, хъумэ - мэлыл. Іэщыр зэрыфІагъэжым набдзэгубдзапІъэу кІэлъыплъхэрт полкиным я ефэнджыхэр.

Игу зэрыхэхъуэр имыбэзыщІу, ищхьэкІэ зи цІэ кьыщитІуа Брешко-Брешковский топсэльыхьыж бгырыс щуиейжм, пъэсыдзи, топ, пушмети кьафІэмыІуэхуу, бийм хахуэу ебгъэрыкІуэу зэрыщытам:

«Бгым кьехуэх уэсучхуэу фІэкІа умыщІэну, уафэхъунэкІыу яхэлъадэрт аэр бийм, маисэм хуэдэу жан я сэшхуэхэмрэ кьамэхэмкІэ - мыжрэхэмрэ фочхэмрэ Іэкъуэпсакъуащэу яхлъэщыжьу... Абыхэм я ебгъэрыкІуэкІэм теухуауэ хъыбар тельыдджэхэр яІуатэ. Австриемщыщ зауэлІхэм кавказ къуршыбгъэхэм «шейітан пыІэ кьуацэ» кьыфІащуэ кьыщыщынэхэрт. Шэч хэмылъуи, европей фащэм фІыуэ кьыщьхьщыкІ я тепІъмкІэ кьыхэкІ бгырысхэм бийр гужьеигъуэм хадзэрт».

«ФІэщщІыгъуейщ! - иГу кьеГъэкІыж Къэбэрдей шуудзэм хэта урыс юрист, офицер Арсеньев Алексей, - ІэмалынщагъэкІэ Урысейм и лъабжьэ щІэуфаиу къызыхуихуэ цІыхухэмрэ Іыхьэ къалэжьыжьи, е Іэщ1агъэ, щІэныгъэ зрагъэгъэтын папщІэ. Аущ ди лъэпкъэгъуэр Урысейм щыщІмэ, таджикхэм, узбекхэм ещхьу, хэнэсу зыкъыщыплъытэж къэралым и лІыщхьэм бгъырыту уи Хэкум и тхьэмадэр плъагъуным, ар уи анэдэлъхубзэкІэ псалъэу зэхэпхьыни и уасэр хамэ щІыпІэ щыІэ дэтхэнэ зыми фІыуэ ещІэ ихьи щхьэщІэ. «Джэгухэр» къэгъэнаущ, аэр игъэгушхуэрэ къыщІэкІынт УФ-м и Президентым апхуэдэ мурад езыгъэщІар. Урысейр лъэпкъ куэду зэрызэхэтыр, абы и хъугъуэфІыгъуэу къызэрилъытэр, дэтхэнэ зыми и хабзэ, и бзэ, езым епха нэщэнэ щхьэхуэхэм зригъэжьыну зэрыхуитыр иджыри зэдуней псоми яригъэлъэгъуащ Путин Владимир.

Адыгэ шууейхэм я нэхъыбэм ешхэм яш, я уанэ, сэшхуэ, кьамэ ялыгъыу Іууат зауэм. Къэралым кьаритар фочхэмрэ мыжрэхэмрэт. Я зауэлІ фащэр ешхэр зэса адыгэ цІейрат: фІыуэ лъэгуажьэм фІэкІыу кІыхьэр фІыщІэу (къэбэрдейхэм цей щхъуэкІэпплъыкІэ щатІэгъэн я хабзэтэкъым). Я кьэпталхэри фІыцІэт, хъурыфэ пыІэ ящхьэрыгъым икури я щхьэрыхьуэнхэри хужьт, щІакІуэхэр фІыцІэт. Офицерхэм я дамэтелъхэр дыжьыныфэт, щхъуантІэу къедэкІауэ, и щыІум «К. Б.» хъэрфхэр тету. Щхэм я дамэтелъхэр апхуэдэ щыдэт, ауэ и лъэгур щІыхуу. Дзэр сатыру ува нэужь, шыІэнигъэшхуэ зыхэлъ къэбэрдей лъэпкъ зэпІэзэрытым хуэфащэхэу, фэкІэ адрейхэм кьахэщу щытауэ жаІэж Къэбэрдейм икІа зауэлІхэр.

Ямэ дунейпсо зауэм журналисту щыІащ Толстой Лев и къуэ Илья. «Щхьэрыхьуэн плъыжьхэр» фІэщыгъэм щІэту, 1915 гъэм абы и Тарч хъыбархэр» газетым мыпхуэдэ сатырхэр щитхащ: «Ямэ дыдэ Кавказ Лъэпкъ Шуудзэм сыщыІуплъар Львов кьалэрщ, дзэпщым утыку кьэришат аэхэр. Кьалэм и курыкупсэм, сыхьэт 12-м щІыхуэм я зэхэзэкІуэгъэхэт. Полкхэр шууэ, сатыр-сатыру блэкІэхэт, зыр адрейм иужь ити, зым нэхъыбэ адрейр нэхъ бжьыфІэу. Кьалэм игъащІэм имыльэгъуа тельыдджэ и нэгу щІэкІащ асыхьэтым... Адыгэ цей екІуэр ящыгъуэу, дыщэ-дыжьыным кьыхэщІыкІа я Іэщэр зэщІэлыдзу, дэпым хуэдэу плъыжь щхьэрыхьуэнхэр ядэлъу, шы псынщІэхэм тесхэу, езыхэр кьуданхэу, кьамылыфэхэу, я пІэнкъым иригушхэрэ щыкІэпшынаущхэм я мафхэмым щІэту блэкІуэкІащ чыристанхэм нэхърэ. А мусЫымэнхэрщ сыт щыгъуи пащтыхьымрэ тахътэмрэ я хъуманкІэ быдзу кьэувакъэр. Революцэ зэманым ар Іупщі быдзу кьигъэльэгъуащ. Кавказ бгырысхэм псалъэ ятари, напэри, щІыхьри нэсу ягъэпэжащ».

ТхакІуэм зэрыжиІауи, «Шуудзэ хъыжьэм» и процент 90-р мусЫымэнт. Нэхъ пасэу дытетхыхьауэ щытащ Алихъан-хьэжы и нэІэ щІэтыну адыгэздзэм щыщ дэтхэнэ зи зауэлІми штэмеыгъэхуэ дыеуэ хуитахуэ зэрыщытам. Ауэ мусЫымэным и Іуэхур гугъу зыщІыр абы ямэ къэс ерыскъыр зэрыпхуемыгъэшхырц. Дзэм а Іуэхур нэхъ ткІиик щохьу. Сыт-тІэ мы шуудзэм хагъэхьахэм яшхар? Былымыл, хъумэ - мэлыл. Іэщыр зэрыфІагъэжым набдзэгубдзапІъэу кІэлъыплъхэрт полкиным я ефэнджыхэр.

Игу зэрыхэхъуэр имыбэзыщІу, ищхьэкІэ зи цІэ кьыщитІуа Брешко-Брешковский топсэльыхьыж бгырыс щуиейжм, пъэсыдзи, топ, пушмети кьафІэмыІуэхуу, бийм хахуэу ебгъэрыкІуэу зэрыщытам:

«Бгым кьехуэх уэсучхуэу фІэкІа умыщІэну, уафэхъунэкІыу яхэлъадэрт аэр бийм, маисэм хуэдэу жан я сэшхуэхэмрэ кьамэхэмкІэ - мыжрэхэмрэ фочхэмрэ Іэкъуэпсакъуащэу яхлъэщыжьу... Абыхэм я ебгъэрыкІуэкІэм теухуауэ хъыбар тельыдджэхэр яІуатэ. Австриемщыщ зауэлІхэм кавказ къуршыбгъэхэм «шейітан пыІэ кьуацэ» кьыфІащуэ кьыщыщынэхэрт. Шэч хэмылъуи, европей фащэм фІыуэ кьыщьхьщыкІ я тепІъмкІэ кьыхэкІ бгырысхэм бийр гужьеигъуэм хадзэрт».

«ФІэщщІыгъуейщ! - иГу кьеГъэкІыж Къэбэрдей шуудзэм хэта урыс юрист, офицер Арсеньев Алексей, - ІэмалынщагъэкІэ Урысейм и лъабжьэ щІэуфаиу къызыхуихуэ цІыхухэмрэ Іыхьэ къалэжьыжьи, е Іэщ1агъэ, щІэныгъэ зрагъэгъэтын папщІэ. Аущ ди лъэпкъэгъуэр Урысейм щыщІмэ, таджикхэм, узбекхэм ещхьу, хэнэсу зыкъыщыплъытэж къэралым и лІыщхьэм бгъырыту уи Хэкум и тхьэмадэр плъагъуным, ар уи анэдэлъхубзэкІэ псалъэу зэхэпхьыни и уасэр хамэ щІыпІэ щыІэ дэтхэнэ зыми фІыуэ ещІэ ихьи щхьэщІэ. «Джэгухэр» къэгъэнаущ, аэр игъэгушхуэрэ къыщІэкІынт УФ-м и Президентым апхуэдэ мурад езыгъэщІар. Урысейр лъэпкъ куэду зэрызэхэтыр, абы и хъугъуэфІыгъуэу къызэрилъытэр, дэтхэнэ зыми и хабзэ, и бзэ, езым епха нэщэнэ щхьэхуэхэм зригъэжьыну зэрыхуитыр иджыри зэдуней псоми яригъэлъэгъуащ Путин Владимир.

Адыгэ фІэхъуэ псалъэхэм ящащІ Узбекистаным и президент Мирзиёев Шаукъэт, Таджикистаным и президент Рахмон Эмомали сымэ. Абыхэми и лъэпкъхэр зэрыпсалъэ бзэхэмкІэ зыхуагъэзащ хьэщІэхэмрэ спортсменхэмрэ.

Кьэрали 107-м щыщ спортсменхэр зыхэтыну мы зэхьэзэхуэщхэр кьыщыщІэуах даузэдапщэм Путин Владимир и сэмэгурабгъумкІэ щыбгъурытащ дунейпсо зэхьэзэхуэхэр кьыззэпэщэхэм щытыкІэ гугъуи ирагъэува, фигурэр кьэжьыкІыныкІэ Китайм щекІуэкІа олимпиадэм и кьыщытІыхуа, зэчиишхуэ зыбгъэдэты тэтэр хъыджэбз Валиевэ Камилэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыщыр зэи зымыгъэгъуащэ, ар дэнэ щыщыІи хуабжьу кьыхъэшІыгъуэ зэрэджыІакІэр Билан Дмитэ кьыхидзэу ягъэззэщІа Урысейм и гимныр кьыщІэуэм, Камилэ кьэралым и пащхьэм итт, и нэпсхэр лІыгъэкІэ иубыду. ИтІэсиплІкІэ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм хэтыну хуитыныгъэр зыпагъыда хъыджэбзыр, итІани, кьиКІуэтыркъым. Тэтэрстаным, Камилэ кьыщалъхуа Къэзан кьалэм апхуэдэу лъагэу и щхьэр щІэтэфыри хуэдэу утыкум иришащ хъыджэбзыр Президентым. ЗриГъэзыхьыгъэ зэрыдзэуэрэри журналистхэм яІэщІэкІакъым. Къедгъэжьа щыхуэкІэ, кьыщІыгъуну сыхуейт Валиевэм иджыблагъэ и псэлъэкъэр фІыуэ зэрильагъум нэгъуащІ и нэщанэ кьызэригъэльэгъуар. Куэд зытепсэлъыхь, хэІущІыну хъуагъащІэ «Слово пацана» фильмым хэт, тэтэрыбзэкІэ ягъэзащІэ «Пыялз» уэрэдыр щІэту, Камилэ игъэхьэзырац «Блогер» зыфІища фигурит кьафэ. Уи бзэмрэ уи псэлъэкъэмрэ фІыуэ плъагъумэ, аэр зэрыбгъэльэпІэну Іэмал кьыпхукъуэмыкІыныкІэ Іэмал зэримыІэм ари и щыхьэтщ.

А щапхъэ дахэхэр ди нэгу щІагъэкІри, лъэпкъ Іуэхуки ди бзэм и лъэныкъуэкІи дызэлэжьын хуей гупсысхэм ди гур хуаушащ Тэтэрстаным кьыщыщІэуаха «Джэгухэм». Спортсмен минитІым щІигу зрагъэблэгъа зэпеуэр Къэзанрэ Сочэрэ щекІуэкІынущ гъатхэпсэм и 3 пщІондэ.

Анэдэлъхубзэм и махуэм къытедгъэзэжмэ, аргуэру Шэшэн Республикэм дызрагъэхъупсащ. А республикэм шэшэнфІэз щезэгъэдж егъэджакІуэ 1644-м псоми а махуэм ирихьэлІэу ираташ сом мини 100 зырыз. Апхуэдэ жэрдэмкІэ утыку кьихьащ Шэшэным и Правительствэм и унафэщІым и кьуэдзэ Кадыровэ Айшатрэ Администрацэм и унафэщІым и кьуэдзэ Кадыровэ Хьадижэтрэ. Мылъку сауГэтыр Урысейм и ЛІыхьэжь, Шэшэным и ямэ президент Кадыровэ Ахъмэт-хьэжы и цІэр зезыхъэщІыналъэ фондым кьыхахэкІынущ.

«Къэкіуэну зэманым и джэгухэр»

Тэтэрстаным и кьалащхьэ Къэзан мазаем и 21-м кьыщыІэзэІуахащ «Къэкіуэну зэманым и джэгухэр» зэхьэзэхуэр. Ар лъапэ махуэкІэ иригъэжьащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

«ДЖЭГУХЭР» кьыщызэІуихьи, Путин Владимир абыхэм я мыхьэнэми тепсэлъыхьащ: «Мы зэхьэзэхуэм хабзэмрэ иджырей зэманымрэ, Іэпкълъэпкъ узынщэм и дахагъымрэ акъыл куумрэ, спортымрэ иджырей Іэмэпсымэхэмрэ, щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зэригъэІуІуащ. А псоми щыІэм лъэныкъуэ псомкІи зиуэащІ, ехьэлІэныгъэ иІэу псэуи папщІэ хуэныкъуэщ. Нобэ, ІэмэпсымэщІэхэм жэрыжэщІэ зыщащэ лъэхъэнэм, теплъэ куэд зиІэ, лъэныкъуэ куэдкІэ зэхэшІыпсыкІ зэпеуэныр мардэ зэрыщыкъуар ди нэкІэ дэзыгъэльагъу дунейм нэгъуэщІу ущыпсэуфынукъым».

